

**KRITIK SOSIAL SAJRONE ANTOLOGI CERKAK *SINAWANG SUWUNG* ANGGITANE ST. SRI EMYANI
(Tintingan Sosiologi Sastra)**

Fahimatul Ma'rufah

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

fahimatulmarufah@gmail.com

ABSTRAK

Antologi cerkak *Sinawang Suwung* anggitane St. Sri Emyani kang banjur dicekak dadi SS ngandhut maneka werna kritik sosial. Kritik sosial kasebut minangka gegambaran saka daya pangrasane pangripta ngenani prekara sosial sing dumadi ana ing tengahing masyarakat. Adhedhasar andharan kasebut, bisa kajupuk underane panliten yaiku; (1) Kepriye gambarane kanyatan sosial sajrone antologi cerkak SS; (2) Kepriye jinis-jinise kritik sosial sajrone antologi SS (3) Kepriye gayutane kritik sosial sajrone antologi cerkak SS klawan kanyatan. Adhedhasar underan panliten kasebut, ancane panliten iki yaiku; (1) Ngandharake gambarane kanyatan sosial sajrone antologi cerkak SS (2) Ngandharake jinis-jinise kritik sosial sajrone antologi cerkak SS (3) Ngandharake gayutane kritik sosial sajrone antologi cerkak SS klawan kanyatan. Kanthi ancane kasebut, panliten iki diajab bisa menehi kawruh ngenani kritik sosial sajrone karya sastra lan bisa nyengkuyung pangrembakane karya sastra Jawa modern.

Panliten iki nggunakake tintingan sosiologi sastra dening Ian Watt yen sastra minangka kaca benggala kanggo masyarakat. Bab sing dirembug yaiku sastra njlentrehake urip kang ana ing masyarakat. Metodhe panliten sing digunakake yaiku deskriptif kualitatif kanthi nggunakake dhata awujud antologi cerkak SS anggitane St. Sri Emyani lan pawarta sing kapacak ana kalawarti. Tata cara sajrone nglumpukake dhata kang digunakake sajrone panliten iki nggunakake metode studi pustaka, seleksi dhata lan analisis dhata. Asil panliten ngenani kritik sosial sajrone antologi cerkak SS yaiku (1) Kritik sosial tumrap kadurjanan (2) Kritik sosial tumrap kahanan budaya lan tradhisi (3) Kritik sosial tumrap kakuwasaan (4) Kritik sosial tumrap kahanan jaman lan teknologi. Yen digayutake klawan kanyatan, kritik sosial sajrone antologi cerkak SS bisa kabuktekake lumantar pawarta sing kapacak ana koran, kalawarti, lan internet. Lumantar pawarta, bisa diweruhi yen kritik sosial sajrone SS minangka kaca benggala uripe masyarakat ing kanyatan. Saengga tumrape masyarakat, dikarepake bisa njupuk wawasan lan kawruh sing bisa migunani ing dina tembe.

PURWAKA

1.1 LELANDHESANE PANLITEN

Cerkak kalebu salah sawijine karya sastra kang isih dilangeni dening masyarakat Jawa. Karya sastra jinis iki tansah digandrungi dening para pamaca jalaran ora mboseni. Kejaba critane kang cekak, tema sing digunakake uga saya maneka werna. Cerkak bisa nuduhake prekara-prekara uripe manungsa kanthi cara kang mligi lan narik kawigaten. Bab kang wigati ngenani cerkak yaiku minangka gegambaran daya pangrasa pangripta tumrap kedadeyan sing ana ing bebrayan. Bab sing karembug sajrone cerkak, ora mung ngenani nilai-nilai kang tansah diugemi dening bebrayan, nanging uga paring pitakon ngenani samubarang sing bakal kedadeyan karana sawijine tumindak.

Karya sastra awujud cerkak akeh sing kapacak ana ing kalawarti, lan uga ana sing dibukokake arupa antologi cerkak sing ngemot pirang-pirang cerkak. Salah sawijine antologi cerkak kang kawentar yaiku antologi cerkak kanthi irah-irahan *Sinawang Suwung*. Antologi cerkak kasebut kapilih dadi objek panliten jalaran isine

ngrembug bab kritik sosial ngenani urip padinan sing katujokake kanggo wong enom lan diwasa.

Kabeh cerkak kang ana ing antologi cerkak *Sinawang Suwung* nduweni bab kang wigati lan beda karo cerkak-cerkak liyane. Bab kang dadi pambada yaiku ana ing gegambaran swasana crita saengga dadi titikan kang mligi pangripta yaiku St. Sri Emyani. Pangripta kang nduwe jeneng jangkep Slamet Sri Mulyani iki kalebu salah sawijine pangripta kang asring ngasilake sakehing karya sastra awujud, cerkak, novel lan geguritan. Asil karya-karyane mau uga asring kapacak ing ariwanti lan kalawarti basa Jawa lan Indonesisa kayata Mekar Sari, Djaka Lodhang, Panjebar Semangat, Jaya Baya, Jawa Anyar, Damar Jati, Simphoni, Liberty, Surabaya Post uga Solo Post. Kajaba iku ing taun 2013, karya-karyane diterbitake sanggar sastra Jawa Triwidha kanthi penerbit Paramarta yaiku kumpulan cerkak Njemparing Kembang Kecubung lan taun 2016 iki kanthi penerbit kang padha nerbitake antologi cerkak *Sinawang Suwung*.

Kabeh cerkak kang kaemot ing antologi cerkak *Sinawang Suwung*, isine kasuguhake kanthi cara sumirat

lan sinurat. Purwakane crita digawe kaya-kaya ora ana maknane utawa durung diudalake intine crita nanging bakal diwedharake ana ing pungkasan crita. Mula adhedhasar saka isi saperangan cerkak mau bisa nuwuhake judhul cerkak yaiku *Sinawang Suwung*. Sinawang tegese disawang, dideleng, diwaspadakake. Dene suwung ateges kosong, ora ana isine, ana uga sing negesi yen suwung mau tegese padha karo edan utawa ora ganep. Kanggo ngonceki luwih jero maneh bab kang kinandhut sajrone antologi cerkak mau, bakal ditintangi nggunakake tingtingan sosiologi sastra.

1.2 Underane Panliten

- 1) Kepriye gambarane kanyatan sosial sajrone antologi cerkak SS?
- 2) Kepriye jinis-jinise kritik sosial sajrone antologi cerkak SS?
- 3) Kepriye gayutane kritik sosial sajrone antologi cerkak SS klawan kanyatan?

1.3 Ancase Panliten

- 1) Ngandharake gambarane kanyatan sosial sajrone antologi cerkak SS.
- 2) Ngandharake jinis-jinise kritik sosial sajrone antologi cerkak SS.
- 3) Ngandharake gayutane kritik sosial sajrone antologi cerkak SS klawan kanyatan.

1.4 Paedah Panliten

Anane panliten dikarepake bisa paring paedah marang pamaca lan bebrayan. Panliten iki nduweni rong jinis paedah yaiku paedah teoritis lan praktis, sabanjure bakal kaandharake ing ngisor iki:

1.4.1 Paedah Teoritis

Kanthe teoritis, panliten iki dikarepake bisa menehi kawruh ngenani kritik sosial sajrone reriptan sastra. Saliyane iku, lumantar panliten iki bisa nyengkuyung pangrembakane karya-karya sastra Jawa Modern. Tumrap piwulang sastra bisa digunakake minangka bahan pasinaon lan didadekake punjere kawruh ngenani kritik sosial sajrone reriptan sastra.

1.4.2 Paedah Praktis

- 1) Tumrap panliti, minangka sarana ngecakake kawruh lan katrampilan kang wis ditampa nalika kuliyah lan bisa njupuk piwulang saka antologi cerkak *Sinawang Suwung*.
- 2) Tumrap panliti liya, dikarepake bisa dadi referensi kanggo nganakake panliten liya lan ngrembakake kanthe luwih jembar.
- 3) Tumrap pamaca, bisa menehi piwulang urip jalaran ana sesambungane karo prekara-prekara sosial ing ana ing bebrayan. Kritik sosial sing dionceki sajrone antologi *Sinawang Suwung* muga bisa nambahi kawruh lan bisa dicakake ing urip padinan.

1.5 Wewatesane Panliten

Panliten iki munjer ana cerkak cacah suwelas sing kaimpun dadi siji ing antologi cerkak *Sinawang Suwung*. Kaklumpukane cerkak-cerkak kang ngandhut tema kritik sosial anggitane St. Sri Emyani bakal

kawedharake nggunakake panemune panliti adhedhasar teori sosiologi sastra Ian Watt.

1.6 Wewatesane Tetembungan

- 1) Kritik sosial minangka wedharan pambiji babagan apik lan ala, bener lan luput, sarta mbatheni utawa mitunani, sawijining kahanan utawa kedadeyan kang sakabehing kepentingan masyarakat (Zuraida lan Rizal, 1993:24).
- 2) Cerkak yaiku crita cekak nanging ukuran dawa cekake iku pancen ora ana paugerane, ora ana kesepakatan antarane para pangripta lan para ahli, Edgar Allan Poe (sajrone Nurgiyantoro, 2007: 10)
- 3) Sosiologi sastra ngrembug telung perangan yaiku konteks sosial pangripta, sastra minangka kaca benggala masyarakat, lan fungsi sosial sastra, teori dening Ian Watt (sajrone Darmono, 1978:3).
- 4) Nilai sosial yaiku salah bawane manungsa kang ana sesambungane karo pasrawungane manungsa marang sasama ing urip padinan. Kant (2005:237) nduwe panemu yen hakikat dhasar manungsa sejatine nemokake kabecikan paling dhuwur, ukuran unsur kognitif lan sesambungane marang manungsa liyane kudu slaras karo tujuwane. Tegese manungsa nduweni kuwajiban nglakoni tumindak kang becik marang wong liya.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Sadurunge Kang Saemper

Panliten sastra ngenani kritik sosial wis nate katindakake dening Mahasiswa Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah Unesa. Para panliti nggunakake tingtingan sosiologi sastra sajrone nindakake panliten. Panliten kang saemper kasebut yaiku:

- 1) Tatag Wirasmutika Yudha (2014), "Kritik Sosial Sajrone Antologi Cerkak *Lintang Alit* Anggitane Sumono Sandy Asmoro", Universitas Negeri Surabaya, Skripsi.
- 2) Hamdan Syauqi (2015), "Kritik Sosial Sajrone Rampadan Cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* Anggitane Djajus Pete", Universitas Negeri Surabaya, Skripsi.
- 3) Herlina Dwi Prisma Santi (2016), "Kritik Sosial Sajrone Novel *Ing Satengahing Alas Bronkos* Anggitane Tiwiek SA", Universitas Negeri Surabaya, Skripsi.
- 4) Catur Fitriana (2017), "Kritik Sosial Sajrone Antologi Geguritan *Sanja* Anggitane Nono Warnono", Universitas Negeri Surabaya, Skripsi.

Saperangan panliten ing ndhuwur padha-padha ngrembug perangan sosial mligine kritik sosial kanthe tingtingan sosiologi sastra. Senadyan bab sing dirembug saemper karo panliten sadurunge yaiku ngenani kritik sosial sajrone karya sastra nanging objek sing diteliti beda. Cekake, bab sing dadi pambada antarane panliten iki karo panliten sadurunge yaiku objek panliten, gambaran kritik sosial sajrone karya sastra, lan sesambungane klawan kanyatan sing bisa dibuktekake lumantar pethikan warta ing medhia sosial utawa cetak.

2.2 Cerkak- Cerkak Sosiologis sajrone Kasusastran Jawa

Ngrembug ngenani kasusastran, Hutomo (1997:134) ngandharake yen kasusastran minangka wujud ekspresi saka pikiran lan daya pangrasane manungsa sing awujud lisan utawa tulis kanthi nggunakake basa kang endah miturut jaman lan panggonan. Wujude ekspresi lan daya pangrasane manungsa mau bisa kabuktekake saka karya-karya sing kaasilake dening pangripta kayata wujud tembang utawa serat. Ana ing donyaning kasusastran, mligine kasusastran Jawa akeh kaasilake karya-karya sing diripta dening para pujangga. Adhedhasar periodisasi, kasusastran Jawa kaperang dadi telu yaiku sastra Jawa kuna, pertengahan, lan sastra Jawa Baru (Darusuprta, 1986: 10-11). Mligi ing sastra Jawa baru kaperang dadi loro yaiku sastra Jawa asipat tradhisional lan modern. Karya sastra sing asipat tradhisional kayata sastra wulang, crita lakon lan dongeng. Dene sing asipat modern yaiku cerkak, novel, drama, geguritan lan liya-liyane.

Miturut Darni (2011) sastra Jawa modern mujudake kasusastran Jawa kang urip ing tengah-tengahing masyarakat jaman saiki. Karya sastra Jawa modern beda karo karya sastra sadurunge jalaran wis kena daya pangribawa genre manca. Sastra Jawa ing abad 20 wis bisa nampa genre asing kayata novel, cerkak, esai utawa sajak bebas (Rass, 1985:30). Banjur karya sastra Jawa modern saya ngrembaka awit tuwuhe kalawarti basa Jawa kayata Panjebur Semangat, Jayabaya, lan Jaka Lodhang. Lumantar kalawarti kasebut, karya sastra Jawa modern bisa kawentar lan digandrungi dening masyarakat.

Miturut Najid (2003:18), cerkak yaiku prosa fiksi kang isine cekak. Cekake isi kasebut ana sesambungane karo tema kang diudalake sajrone crita. Bab kang wigati ngenani cerkak yaiku cacahé tembung kudu luwih sithik tinimbang novel. Ana panemu liya, miturut Nurgiyantoro (2012:11) yen dideleng saka dawane crita, novel luwih dawa tinimbang cerkak nanging awit saka critane kang luwih cekak, ndadekake cerkak luwih praktis. Cerkak ngandhut crita sing sarwa ringkes lan ora nganti nuduhake tembung-tembung sing ora wigati sing lumrahe digunakake kanggo ndawakake crita.

Ana pira-pira ahli kang ngandharake ngenani tegese sosiologi, Darmono (1978:6) ngandharake yen sosiologi yaiku tintingan kang objektif ilmiah ngenani manungsa sajrone masyarakat, tintingan ngenani lembaga lan proses sosial. Bisa dingretni yen sosiologi ana sesambungane karo prekara-prekara sosial ing masyarakat. Sejatine sosiologi sastra kedadeyan saka rong tembung yaiku sosiologi lan sastra. Sosiologi kena ditegesi minangka ngelmu utawa kawruh kang sistematis ngenani panguripane manungsa kanthi cara klompok kang ana gandheng cenenge karo sesambungane karo manungsa-manungsa liyane sing sinebut masyarakat.

Sastra minangka kaca benggalane masyarakat tegese lumantar sastra bisa nggambarake ngenani kanyatan ing bebrayan masyarakat. Karya sastra uga dadi srana pangripta nudalake panemu lan pamikire ngenani bab panguripane manungsa. Nanging lumrahe karya sastra kang kaasilake kena daya pangribawa masyarakat lan bisa uga menehi daya pangribawa marang masyarakat.

Sosiologi sastra yaiku cabang panliten sastra kang asipat reflektif (Endraswara, 2003:77). Panliten sastra minangka kaca benggalane panguripan masyarakat. miturut Wolf (sajrone Faruk, 2010:3) sosiologi sastra minangka disiplin kang tanpa wujud, ora bisa didhefinisikake kanthi apik, kadhapuk saka studi-studi empiris lan maneka warna eksperimen marang teori kang rada luwih umum, kang perangan-perangane mung nduwe bab kang padha jroning bab menawa sakabehe nduwe urusan klawan sesambungane sastra lan masyarakat.

Wellek lan Warren (sajrone Semi, 1985:58-59) ngandharake yen pamarekan sosiologis utawa pamarekan ekstrinsik lumrahe merkarakake samubarang kang ana sesambungane karo sastra lan masyarakat asipat ciyut lan eksternal. Lumrahe sing diperkarakake ngenani sesambungane sastra lan kahanan sosial tartamtu, sistem ekonomi, sosial, adat istiadat lan politik. Bisa dingretni yen sapa wae sing kepengin weruh kahanan sosiologis karya ing jaman tartamtu, senadyan durung mesthi bisa ngretni tatanan masyarakat jaman kasebut, nanging saora-orane bisa ngretni tema endi sing paling wigati ing jaman kasebut.

Lumantar panemu para ahli kasebut bisa kajupuk dudutan yen sosiologi sastra kalebu sawijine panliten sing ngrembug babagan sastra lan sosial masyarakat. Bab sing lumrah diwedharake yaiku ngenani sesambungane sastra karo samubarang kang dumadi ing tengahing masyarakat. Bisa prekara-prekara sosial, budaya, adat-istiadat, politik lan sakpiturute. Antarane sosiologi lan sastra nduweni sesambungan kang rumaket lan ora bisa dipisahake. Sastra ing tengahing masyarakat dadi sawijine bab sing resepi, sarana lelipur, lan kawruh sing bisa paring paedah tumrap masyarakat. Basa sing digunakake sajrone sastra uga mujudake ungkapan sosial sing nggambarake panguripan.

2.3 Kritik Sosial Sajrone Karya sastra

Tegese kritik yaiku tanggepan dene sosial yaiku magepokan karo masyarakat. Adhedhasar teges kasebut kena ditegesi yen kritik sosial yaiku sawijine tanggepan ngenani bab kang dumadi ing masyarakat, bisa bab kang apik lan sawalike. Kritik sosial minangka wedharan pambiji babagan apik lan ala, bener lan luput sarta mbatheni utawa mitunani, sawijine kahanan utawa kedadeyan kang sakebehe kepentingan masyarakat (Zuraida lan Rizal, 1993:24). Kritik sosial digunakake kanggo ngrembug bab politik, hukum lan ekonomi jalaran bab iku ora uwal saka prakara sosial ing masyarakat. Tegese kritik sosial yaiku kritik sastra kang katindakake kanthi pendekatan sosiologis, tegese salah sawijine karya sastra kuwi ditelaah saka segi soziale kang ana ing sakupenge masyarakat.

Bisa dingretni yen kritik sosial sajrone karya sastra minangka pambiji utawa tanggepan pangripta ngenani samubarang kang dumadi ing masyarakat. Kritik sosial sajrone karya sastra mujudake panemune pangripta ngenani samubarang kedadeyan ing lingkungan sakupenge. Panemune pangripta diwujudake lumantar lelewane basa, tatanan ukara sing nduweni titikan khas lan kabeh iku katujokake marang pamaca. Ancase supaya pamaca bisa paring dudutan dhewe sawise maca karya sastra kasebut banjur bisa ngecakake ana urip padinan.

Kritik sosial sing kagambarake sajrone karya sastra ana gegayutane karo prekara-prekara sosial sing dumadi ing masyarakat. Prekara sosial kalebu kanyatan sosial sing mitunani lan ora nentremake masyarakat. Miturut Soekanto (1992:79) ngandharake yen saben owah-owahan lumrahe nuwuhake prekara, bisa prekara cilik utawa gedhe. Owah-owahan sing dimaksud yaiku nalika tatanan sosial utawa paugeran wis owah saengga paring kapitunan tumrap masyarakat. Prekara sosial bakal tuwuh nalika kanyatan sing kaalami dening masyarakat ora slaras karo sing dikarepake.

2.3.1 Kadurjanan

Kartono (2001:144-145) ngandharake yen kadurjanan yaiku wujud pocapan, tumindak, lan tingkah laku sing kanthi cara ekonomis, politis, lan sosial-psikologis, bisa nuwuhake kapitunan marang bebrayan, nerak norma-norma kasusilan, lan nyilakane bebrayan. Tegese kadurjanan kalebu bab sing mbebayani tumrape masyarakat jalaran bisa gawe kapitunan lair lan batin. Mula saka iku, masyarakat kudu tansah waspada jalaran kadurjanan bisa dumadi ora tepung papan lan wektu. Wujude tumindak kadurjanan miturut Kartono (2001:136) yaiku mrejaya, ngrampong, ngrudha peksa, nyolong, ngincim, malsu, korupsi lan sapiturute. Dene sajrone panliten iki kadurjanan sing dirembug yaiku apus-apus, pilara, lan tumindak asusila

Pakulinan yaiku sawijine tumindak sing katindakake bola-bali kanthi wujud kang padha (Kamus istilah sosiologi, 1984). Bab pakulinan wis kaanggep lumrah dening masyarakat jalaran pakulinan kang apik tansah diugemi supaya bisa ditrima ing tengahing masyarakat liyane. Nanging ora kabeh pakulinan sing dicakake ing tengahing masyarakat iku apik, ana uga pakulinan ala sing bisa mbebayani. Pakulinan ala sing kerep diweruhi ana ing satengahing masyarakat yaiku mendem lan main utawa judhi.

Mendem ateges sawijine kahanan ora sadhare manungsa jalaran kena daya pangribawa banyu landa. Lumrahe katitik saka anggane wicara kanthi ngawur, ora cetha, lan nindakake pakaryan-pakaryan sing ngrugekake liyan. Dene pakulinan ala liyane yaiku main utawa judhi. Judhi tegese sawijine kagiyatan toh-tohan kanthi nggunakake dhuwit ing sawijine tetandhingan, dolanan, utawa kedadeyan sing asile mung bisa dikira-kira. Miturut Kartono (2001:65) judhi yaiku kagiyatan toh-tohan kanthi sengaja nggunakake samubarang kang kaanggep wigati kanthi rasa sadhar yen asil saka kagiyatan iku durung pesthi.

2.3.2 Kabudayan lan Tradhisi

Miturut Ahmadi (1997:97) masyarakat yaiku saklumpukane manungsa sing wis nduwe tatanan urip, norma-norma, adat-istiadat kang diugemi sajrone lingkungan uripe. Mula saka iku, kabeh tradhisi sing wis diugemi kudu bisa dicakake ing urip padinan supaya apa kang wis diugemi bisa tansah lestari. Poerwadarminta (1976:188) tradhisi minangka sakabehing adat, kaprecayan, lan liya-liyane sing diwarisake dening para leluhur.

De Hann (sajrone Widayati, 2008:79) tradhisi minangka salah sawijine tumindake manungsa kang nyakup sakabehe panguripan sosial, politik, ekonomi, lan

teknik sarta kawruh kang ana sambung rapete karo piguna sajrone urip bebrayan lan lumaku kanthi cara tutun tinurun sarta kaiket norma.

Kanyatan sosial yaiku kanyatan sing ana gandheng cenenge karo masyarakat lan samubarang kang dumadi ing masyarakat. Miturut Sztompka (2007:10) kanyatan sosial yaiku bab-bab sosial sing bisa ngiket manungsa kanggo urip bebarengan ing masyarakat. Kanyatan sosial kaanggep minangka kawruh sing bisa dingretni bebarengan dening masyarakat saengga bisa nuwuhake ana interaksi sosial. Kena uga ditegesi yen kanyatan sosial minangka sawijine interaksi sosial sing nyata dumadi ing satengahing masyarakat antarane individu lan individu, individu lan klompok, sarta klompok lan klompok.

Salah sawijine kanyatan sosial sing ana ing masyarakat yaiku ngenani kapitayan. Miturut kamus istilah sosiologi (1984) kapitayan yaiku precaya ngenani samubarang sing durung bisa dibuktekake bener lan orane nanging tansah diugemi. Tuladhane yaiku kapitayan marang mitos lan dhukun. Masyarakat precaya karo mitos lan dhukun senadyan durung bisa dibuktekake sakabehane.

2.3.3 Panguwasa

Yen ngrembug ngenani donyane panguwasa ora bisa uwal saka anane kakuwasan. Kakuwasan yaiku sawijine kabisan sing digunakake kanggo mujudake kecarepan marang wong liya lan ndadekake wong liya nglakokake kecarepan kasebut (Suseno-Magnis, 2003: 98). Yen kakuwasan sing diduweni luwih dhuwur, samubarang sing dikarepake bakal luwih gampang kalebu meksa wong liya. Sejatine panguwasa saka tembung kuwasa tegese kadunungan kakuwatan (Mangunsuwito, 2010:85). Dadi kena ditegesi panguwasa yaiku wong sing nduweni kakuwatan kanggo ngatur wong liya supaya bisa lumaku slaras karo kecarepane.

Adhedhasar kakuwasan lan kakuwatan sing diduweni, panguwasa bisa nindakake samubarang supaya bisa maujud. Mula saka iku, kerep diweruhi para panguwasa sing ngupayakake pepenginane bisa maujud kamangka ngurbanake liyan. Panguwasa sing kaya mangkono sinebut panguwasa kang sawiyah-wiyah jalaran nduweni kuwasa tanpa preduli nasibe liyan.

2.3.4 Jaman lan Teknologi

Miturut Walter (sajrone Ahmadi, 1997:342) teknologi yaiku sawijining kawruh sing dicakake ing seni industri kayata piranti-piranti kanggo nyengkuyung pegaweyan. Kanthi majune teknologi bisa paring pambiyantu marang industri-industri kanggo nglakokake kagiyatan produksi lan liya-liyane. Saliyane iku, teknologi sing wis maju bisa nuwuhake gaya hidup kang dhuwur lan nyenengake. Anane teknologi ndadekake masyarakat nggunakake barang-barang kang larang regane mligine masyarakat sing manggon ing kutha (Ahmadi, 1997:338).

2.4 Landhesan Teori

Kanggo nganalisis antologi cerkak *Sinawang Suwung* anggitane St. Sri Emyani, panliti bakal nggunakake tintingan sosiologi sastra. Tintingan iki digunakake kanggo ndheskripsikake perangan sosiologis sajrone karya sastra mligine kritik sosial sajrone antologi cerkak *Sinawang Suwung* sarta sesambungane kritik sosial

sajrone karya sastra karo kanyatan ing bebrayan masyarakat.

Teori sosiologi sastra sing digunakake sajrone panliten iki yaiku teorine Ian Watt (sajrone Darmono, 1978:3) ngandharake sosiologi sastra kaperang dadi telu yaiku (1) Konteks sosial pangripta, kang diteliti yaiku status sosial pangripta, babagan sosial yaiku pakaryane pangripta lan masyarakat kang ditunjuk pangripta, (2) sastra minangka kaca benggala kanggo masyarakat, kang diteliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake urip kang ana ing masyarakat, (3) fungsi sosial sastra kang diteliti yaiku gegayutan antarane nilai-nilai sosial utawa nilai-nilai kang nduweni daya pangribawa tumrap karya sastra. Bisa digretni yen teori sosiologi sastra miturut Ian Watt uga ngrembug bab konteks sosial pangripta sing bisa paring daya pangribawa tumrap karya sastra sing kaasilake. Adhedhasar teorine Ian Watt mau, mula sajrone panliten iki digunakake perangan nomer loro. Perangan saka teori kasebut cocog kanggo ngonceki luwih jero bab kritik sosial sajrone antologi cerkak iki. Lumantar perangan konsep kasebut bisa dionceki ngenani gegambarane kritik sosial sajrone karya sastra banjur digayutake klawan kanyatan.

METODHE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Metodhe sing digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe dheskriptif. Metodhe dheskriptif yaiku sawijine metodhe panliten sing nggambarake sakabehe dhata banjur diwedharake lan digayutake klawan kanyatan ing masyarakat sarta bisa paring pepadhang kanggo ngrampungake prekara kang dumadi (Widi, Restu Kartiko: 84). Panliten dheskriptif nyinaoni prekara-prekara sing dumadi ana ing masyarakat. Bab sing disinaoni magepokan karo tata cara, kahanan, sesambungan, tumindak, solah bawa, lan daya pangribawane sawijine klompok masyarakat. Titikan saka metodhe dheskriptif yaiku nengnake kawigatan tumrap prekara-prekara sing dumadi nalika nganakake panliten sarta nggambarake fakta ngenani prekara sing diteliti.

Panliten Sajrone antologi cerkak SS mujudake panliten dheskriptif kualitatif kanthi tintingan sosiologi sastra. Banjur anggone ngonceki nggunakake dhata-dhata dheskriptif saka sumber panliten yaiku cerkak cacah telus sing kaimpun dadi siji ing antologi cerkak *Sinawang Suwung* anggitane St. Sri Emyani. Tintingan sing digunakake mligi teorine Ian Watt yaiku teori kapindho lan katelu yaiku sastra minangka kaca benggala panguripane masyarakat sarta nilai-nilai sosial sing kinandhut sajrone karya sastra kasebut. Kanthi nggunakake tintingan lan metodhe kasebut dikarepake bisa luwih gampang anggone medharake lan njingglengi dhata cerkak sing kaimpun ana antologi cerkak anggitane St. Sri Emyani. Sabanjure dhata saka cerkak kasebut bisa digayutake klawan kanyatan ing masyarakat.

3.2 Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber dhata lan dhata panliten kalebu perangan kang wigati sajrone nindakake panliten. Yen sajrone nindakake panliten ora ana sumber dhata lan dhatane, panliten ora bisa kabacutake jalaran ora ana bahan sing

bakal diteliti. Antarane sumber dhata lan dhata panliten ana bedane, mula pambedane bakal karembug ing ngisor iki.

3.2.1 Sumber Dhata Panliten

Miturut Arikunto (2006:128) sumber dhata bisa kaperang dadi rong jinis yaiku sumber primer lan sumber sekunder. Sumber primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi dhata tumrap panliti, dene sumber sekunder yaiku sumber dhata kang ora langsung menehi dhata marang panliten iki. Dhata primer sajrone panliten iki yaiku cerkak-cerkak anggitane St. Sri Emyani sing cacah ana nembelas lan nglumpuk dadi siji ana ing antologi cerkak *Sinawang Suwung*. Ora kabeh cerkak dionceki ana panliten iki, jalaran sing ngandhut kritik sosial mung telus cerkak. Saengga saka nembelas cerkak mau, kajupuk telus cerkak sing ngandhut kritik sosial. Dene, dhata sekunder sajrone panliten iki yaiku Koran utawa majalah kang ngemot warta sing ana sambung rakete karo kritik sosial sajrone cerkak.

3.2.2 Dhata Panliten

Dhata sing digunakake yaiku cerkak-cerkak kang kaimpun ing antologi cerkak *Sinawang Suwung*. Kang dadi dhata formal sajrone panliten yaiku tembung-tembung, ukara, lan wacana kasusastran (Ratna, 2010:47). Mula sajrone panliten iki dhata kang digunakake arupa tembung lan ukara kang ana sajrone antologi cerkak *Sinawang Suwung*.

Panliten iki nggunakake dhata yaiku tembung-tembung lan ukara ngenani kritik sosial kang ana ing antologi cerkak *Sinawang Suwung* lan sesambungane tumrap kanyatan panguripan bebrayan. Dhata iki minangka dhata primer, dene dhata sekunder yaiku warta-warta ing Koran utawa kalawarti kang ngemot warta sing ana sesambungane karo kritik sosial.

3.3 Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake sajrone nindakake sawijine metodhe (Arikunto, 1993: 121). Ana ing panliten iki instrumen kang digunakake yaiku instrumen utama. Dene sing dadi instrumen utama ing panliten iki ora liya panliti dhewe jalaran panliti kang nindakake panliten kanthi cara golek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Miturut Moleong (2002:19) ngandharake yen panliti sajrone nglumpukake dhata luwih akeh gumantung marang awake dhewe minangka piranti nglumpukake dhata. Panliti bisa mbiji sawijine kahanan lan nduwe kuwasa nemtokake samubarang..

3.4 Metodhe lan Tata Cara Panglumpuke Dhata

Metodhe panliten kalebu tata cara kang bakal katindakake dening panliti sajrone panliten. Yen ta sajrone panliten ora nggunakake metodhe lan tata cara panliten, asile panliten ora bisa cetha lan pepak, saliyane iku isine uga ora bisa menthes. Panliten iki asipat kualitatif lan nggunakake metodhe hermeuneutik yaiku kanthi cara menehi tafsiran. Anggone napsirake bisa kaleksanan sawise maca lan ngretni isine cerkak ing antologi cerkak *Sinawang Suwung*. Reroncene panliten kaperang dadi loro yaiku (a) tata cara panglumpuke dhata, lan (b) tata cara pangolahe dhata.

3.4.1 Tata Cara Panglumpuke Dhata

Tata cara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata yaiku kanthi maca objek panliten sing awujud cerkak-cerkak anggitane St. Sri Emyani. Cerkak-cerkak kasebut kaimpun dadi siji ana ing buku antologi cerkak *Sinawang Suwung*. Sawise ngreteni isi cerkak-cerkak mau banjur digoleki perangan prekara sing katon luwih wigati banjur ditemtokake tingtingan sing cocog kanggo ngonceki cerkak-cerkak mau.

Cerkak sing wis kawaca banjur kapilih sing ngandhut kritik sosial banjur ditintingi nggunakake tingtingan sosiologi sastra. Kanthi nggunakake tingtingan kasebut dikarepake bisa ngonceki kanthi luwih jero cerkak-cerkak kasebut. Saliyane maca cerkak sing dadi objek panliten, buku ngenani tingtingan sosiologi sastra uga kudu diwaca. Ancase supaya bisa nambah kawruh lan nggampangake panliti kanggo ngonceki lan medharake isi saka objek panliten.

Cara kang pungkasan yaiku teknik cathet. Teknik cathet yaiku nyathet samubarang kang kaanggep wigati lan ana gandheng cenenge karo bab sing diteliti. Saliyane iku, teknik kasebut digunakake kanggo nindakake cathet cinathet marang dhata sing kaanggep slaras karo sasaran lan ancas panliten.

3.4.2 Tata Cara Pangolahe Dhata

Tata cara ngolah dhata dijlentrehake kanthi nintingi wujud kritik sosial sing ana sajrone cerkak mau. Anggone nintingi cerkak nggunakake tingtingan sosiologi sastra sing dipunjerake marang sosiologi isi karya sastra sing ana sesambungane karo prekara-prekara kang dumadi ing masyarakat. Teknik analisis dhata sing digunakake yaiku teknik dheskriptif. Dhata sing digunakake yaiku dhata awujud perangan-perangan kang katon wigati sajrone antologi cerkak lan kudu diwedharake kanthi cara dheskriptif. Anggone nganalisis yaiku milih siji mbaka siji cerkak sing ngandhut kritik sosial. Sawise iku, ditapsirake kanthi cara dheskriptif saengga bisa dingreteni dening pamaca.

3.5 Tata Cara Nulis Asile Panliten

Antologi cerkak kanthi irah-irahan *Sinawang Suwung* anggitane St. Sri Emyani bakal ditintingi nggunakake tingtingan sosiologi sastra. Lumantar tingtingan sosiologi sastra bakal nggampangake panliti kanggo ngonceki prekara sosial kang kinandhut ana sajrone antologi cerkak kasebut. Sudaryanto (1993: 144-145) ngandharake yen anggone nyuguhake dhata asil saka analisis iku ana loro, yaiku analisis formal lan analisis informal. Panliten iki nyuguhake analisis informal yaiku dhata kang kasuguhake nggunakake tembung-tembung kang lumrah digunakake.

Trap-trapan nulis asile panliten iki digunakake kanggo nyengkuyung asil analisis panliten kang awujud laporan tinulis. Asil analisis antologi cerkak anggitane St. Sri Emyani sing wis diolah banjur ditulis lan disusun dadi sawijine laporan panliten.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Asile panliten bakal kaandharake nggunakake metodhe dheskriptif yaiku medharake sakabehe dhata kanthi cetha. Metodhe kasebut digunakake kanggo

medharake asile panliten yaiku ngenani kritik sosial sajrone antologi cerkak *Sinawang Suwung* anggitane St. Sri Emyani. Bab kang bakal kaandharake yaiku gambarane kanyatan sosial, jinis-jinise kritik sosial sajrone reriptan sastra lan gayute klawan kanyatan ing bebrayan.

4.1 Kanyatan Sosial Sajrone Antologi Cerkak *Sinawang Suwung*

Prekara-prekara sing dumadi ing bebrayan kerep dilebokake ana sajrone reriptan sastra. Lumantar reriptan sastra iku, pangripta ngudalake panemune utawa ngkritik prekara kang dumadi ing bebrayan. Kritik tumrap bebrayan slaras karo panemune Wellek Warren (1990:119) yaiku sastra minangka kaca benggala lan wujud ekspresi panguripan senadyan ora kabeh. Mula sajrone reriptan sastra iku, prekara-prekara kang dikatonake memper karo kanyatan ing bebrayan. Nanging, uga ana sawijining bab sing ora padha jalaran wis kacampur daya imajinasine pangripta.

Reriptan sastra lumrahe ngandhut kanyatan sosial sing dumadi ing masyarakat. Senadyan ora memper kabeh, nanging yen disawang saklebatan bisa makili kedadeyan kang nyata. Semono uga, reriptan sastra anggitane St. Sri Emyani sing ngandhut kanyatan sosial sing bisa digayutake klawan kanyatan. Kanyatan sosial sing dimaksud yaiku kadurjanan, kahanan budaya lan tradhisi, *kakuwasaan*, lan pangrembakan jaman sarta teknologi. Kanyatan sosial ngenani kadurjanan kalebu prekara kang wigati ing tengahing masyarakat. Prekara ngenani kadurjanan nuwuhake sakehing kapitunan lan ora gawe tentrem. Wujude kadurjanan sing kerep dumadi ing kanyatan kayata rajapati, pangrudha peksa, apus-apus, maling, judhi, memdem, lan liya-liyane.

Perangan kapindho yaiku ngenani kahanan budaya lan tradhisi. Lumrahe yen ngrembug bab budaya lan tradhisi ora bisa uwal saka kawigatene wong Jawa. Budaya lan tradhisi Jawa bisa ngrembaka awit saka kawigatene wong Jawa sing tansah nguri-uri lan nglestarekake budaya kasebut. Nanging kahanan antarane jaman biyen lan saiki wis beda. Jaman saiki sing sinebut jaman modern mrabawani pangrembakan budaya lan tradhisi. Kawigatene generasi nom marang kabudayane dhewe saya mingsret jalaran budaya saka manca kaanggep luwih becik lan nyenengake.

Dene yen ngrembug ngenani *kakuwasaan*, ana gandheng cenenge karo patrape panguwasa. *Kakuwasaan* minangka sesambungan tartamtu antarane wong utawa klompok sing salah sijine bisa ngecakake kecarepane marang wong liya. Panguwasa sing nduwe *kakuwasaan* kang gedhe kanthi gampang bisa ngecakake kecarepane marang andhahane. Bab sing bisa nuwuhake prekara yaiku yen *kakuwasaan* iku dicakake kanthi sawiyah-wiyah dening panguwasa kasebut. Panguwasa kang sawiyah-wiyah malah bisa nyengsarake rakyatane jalaran ora preduli karo nasibe andhahane.

Bab kang pungkasan yaiku ngenani pangrembakan jaman lan teknologi. Saya suwe, jaman lan teknologi ngalami owah-owahan sing bisa mrabawani panguripane masyarakat. Jaman saiki kalebu jaman modern katitik saka piranti-piranti teknologi sing sarwa canggih. Anane piranti-piranti canggih kasebut bisa migunani kanggo nyengkuyung kagiyatane masyarakat.

Nanging saliyane migunani, piranti teknologi bisa nuwuhake kapitunan jalaran ndadekake masyarakat *konsumtif*. Senadyan piranti teknologi wis canggih, saben taun piranti kasebut ngalami pangrembakan saengga masyarakat uga kudu update. Kahanan kaya mangkono ndadekake masyarakat jaman modern ora bisa uwal saka piranti teknologi jalaran kabeh kagiyatan gumantung karo piranti kasebut.

4.2 Jinis-Jinise Kritik Sosial Sajrone Antologi Cerkak *Sinawang Suwung*

4.2.1 Kritik Tumrap Kadurjanan

Kadurjanan ing urip bebrayan saya maneka warna jinise. Wiwit kadurjanan kang cilik lan gedhe wis sumebyar ing bebrayan. Tuwuhe kadurjanan utawa kriminalitas jalaran ana pira-pira gejala sosial. Gejala sosial sing dimaksud kayata krisis ekonomi, tuwuhe pepenginan sing durung kagayuh, tekanan mental, pangigit-igit lan sakpitorute. Tumindak durjana lumrahe dumadi ana ing masyarakat sing ngalami owah-owahan kayata masyarakat kutha sing kebak tekanan (Abdulsyani, 2012:189). Bisa dingretni yen kadurjanan kerep dumadi ana ing kutha. Kahanan ing kutha sing luwih rame lan maju tinimbang ing desa pranyata luwih gampang nuwuhake prekara-prekara sosial. Akeh faktor sing bisa njalari tuwuhe kadurjanan ing kutha kayata cacaha penduduk, kabudayan lan tradhisi sing maneka warna, pola pikir.

4.2.1.1 Tumindak Apus-Apus

Salah sawijine wujud kadurjanan sing kerep kedadeyan yaiku tumindak apus-apus. Tumindak apus-apus utawa ngapusi wong liya kanthi ancas tartamtu wis lumrah kaalami dening masyarakat. Tumindak apus-apus sing ana ing panliten iki kalebu tumindak durjana. Lumrahe pawongan kang nglakokake kadurjanan kanthi cara apus-apus nduweni ancas kepengin nguwasani bandha donyane kurban. Bandha donya sing kerep dadi sasaran yaiku mas-masan, dhuwit, sepedhah, lan barang-barang elektronik. Kaya kang kagambarake ana antologi cerkak *Sinawang Suwung* ing pethikan ngisor iki,

Watara limalasan menit aku tekan pesisir maneh. Saiba kagetku, bareng ngerti sepedhah montorku Shogun karo sepedhah montore Wilujeng ora enek. Semono uga kirik jegog iku mau ya ora ana. Aku terus mlayu nyang omahe Pak Carik Parni. Takdhodhog daleme, Pak Carik metu. Aku crita. (Emyani, 2016:26)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake wujud kadurjanan yaiku tumindak apus-apus. Paraga utama kanthi jeneng Pak Yani dadi kurban tumindak apus-apus nalika lagi plesir ana ing pesisir. Kawedharake yen Pak Yani lagi wae kelangan sepedhah montore ing pesisir. Sepedhah montor Shogun duweke Pak Yani lan sepedhahe Wilujeng wis ora ana neng enggon. Wilujeng sejatine wanita tepungane Pak Yani ing pesisir wektu kedadeyan iku. Jeneng jangkepe Wilujeng Utami. Weruh yen sepedhah montore lan duweke Wilujeng Utami ora ana, Pak Yani langsung mara menyang omahe Pak Carik saperlu lapur.

Tumindak durjana sing kagambarake ana pethikan crita ing ndhuwur mujudake kadurjanan apus-apus sing kerep kaalami dening para bebrayan. Barang sing lumrah dadi sasaran yaiku titihan kayata bronpit. Ana ing warta-warta kayata TV lan Koran kerep nggiyaraké warta bab kadurjanan jinis iki. Tumindak apus-apus kanthi maneka warna wujud ngatonake yen modhus kadurjanan saya ngrembaka. Bab modhus kadurjanan sing saya ngrembaka bisa dideleng lumantar pethikan ing ngisor iki:

4.2.1.2 Pilara Marang Anak lan Sisihan

Saya akeh kasus tumindak kasar marang anak sing kalakokake dening wong tuwane dhewe. Kasus kang kerep kedadeyan yaiku ibu sing nganiaya anake nganti nandang tatu ing awake lan kadhangkala uga nganti koncatan nyawa. Motif tumindak ibu nglakoni tumindak kasar marang anake ora liya jalaran anake nakal utawa ora nurut karo prentahe ibune. Pikire si ibu yen anak didukani lan dikasar supaya anake nduwe rasa wedi lan samengko bisa luwih nurut. Bab pilara marang anak kagambarake ana pethikan ngisor iki,

“Bocah wayahe sekolah wis kluyuran ning warnet...!!!” Setengah mlayu, wanita lemu kang lagi teka iku ngeret bocah lanang rambut kepeng.

“Ayo mulih... Dikon sekolah mbolos. Dikongkon mbantu Ibu malah mlayu... Hiihhhhh...!!! Gek kowe kuwi lho dlondonge sapa..???” Plak... plak... plak... Pipine bocah umur rolasan iku dikeplak. Prembik-prembik njur nangis. Aku isih kamitenggengen, nrenyuh kedadeyan kang ora kanyana-nyana. Bocah krempeng iku terus diseret nganti ngolet-ngolet. (Emyani, 2016:118)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake tumindak kasare ibu marang anake. Kanthi pawadan anake kluyuran neng warnet, banjur bocah umur rolas taun mau didukani ing ngarepe wong akeh. Jalaran anake ora nurut marang ibuke, diutus sekolah malah mbolos lan ora gelem mbantu ibune mula anake dikeplak pipine banjur diseret. Tumindak sing kaya mangkono kalebu kadurjanan marang anak jalaran ora dibenerke nganiaya anak mligine tumindak kasar utawa kanthi cara fisik. Yen dideleng kahanan wektu kuwi uga ana ing papan umum yaiku warnet sing nalika kuwi lagi akeh wong.

4.2.13 Tumindak Asusila

Tegese tumindak asusila yaiku tumindak kang ana gayute karo seks sing ora dikarepake. Bisa pepenginan nglakokake seks lan tumindak liyane kanthi cara verbal utawa fisik kang ana gayutane karo seks. Tumindak asusila tumrap wong wadon rinasa saya manjila jalaran saya akeh katemokake kasus kasebut. Kasus tumindak asusila ora mung dumadi ana ing Indonesia nanging ing Negara manca uga padha. Slaras karo tumindak asusila sing kagambarake sajrone cerkak, kacritakake bab TKI sing kena tumindak asusila saka ndarane. Bisa kabukti saka pethikan ngisor iki,

Ing mancanegara rasane kaya kesiksa. Mula ya bener, udan emas ing Negara

tangga iku isih kepenak udan lawe ana ning negarane dhewe. Kang kaya mangkono iku bener dialami Sarimi. Nalika kesel kerja nyetrika, arep mapan turu merga ora kuwat nahan ngantuk, lhadalah... juragane grayah-grayah arep melu nyusul bobok. Sarimi kang ora kulina sedheng njur ngamuk. Gedhegedheg masia ditawani dhuwit saumbruk. (Emyani, 2016: 59)

Kagambarake lumantar pethikan ing ndhuwur, Sarimi minangka TKI nemoni tumindak asusila saka ndarane. Tumindak asusila kalakokake dening ndarane nalika Sarimi arep mapan turu. Tumindak asusila sing kaalami dening Sarimi awujud kontak fisik. Ndarane grayah-grayah awake Sarimi arep melu turu. Tumindake ndarane mau kanthi grayah-grayah awake Sarimi kalebu pelecehan seksual fisik jalaran ana kontak fisik karo awak.

4.2.1.4 Mendem

Mendem ateges ngombe utawa mangan tetedhan lan banyu sing bisa mendemake. Bisa uga ditegesi ora eling utawa ora sadhar ngenani apa wae sing kalakokake jalaran kena daya pangribawa alkohol. Pakulinan mendem wis lumrah kalokakake dening bebrayan wiwit biyen. Nganti jaman seprene pakulinan kasebut ora bisa uwal saka bebrayan mligine wong lanang.

Ancas ngombe banyu landa uga saya ngrembaka, ora mung diombe nalika ana gawe utawa hajatan wae nanging saiki banyu landa saya digandrungi kanggo nglalekake prekara urip. Wong-wong sing nandang susah utawa cupet pikire padha milih mendem supaya bisa nentremna pikir. Saliyane iku, pakulinan mendem saya digandrungi bebrayan kanggo mengeti samubarang kang nyenengake. Tuladhane yaiku pengetan lulus sekolah, mundhake gaji utawa jabatan, lan liya-liyane. Pakulinan mendem bisa kabukti saka pethikan ngisor iki:

Biyasane yen malem Minggu ngene iki, Buk Petung karengganan dening para remaja sing padha andon karonsih. Utawa yen sinoman sing ora nduwe kekasih pepujaning nurani, yen saiki basa ngetrend-e jomblo, ngono njur golek arja (arak jawa) utawa bier ceglak...cegluk... mabuk utawa wuru karo kanca-kancane..... (Emyani, 2016:11)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake bab pakulinan mendem. Pranyata pakulinan kasebut ora mung digandrungi dening wong diwasa nanging uga para rumaja. Kaandharake nalika malem minggu para rumaja padha metu golek panglipur. Rumaja sing wis nduwe pepacangan padha metu bareng, dene sing durung nduwe utawa sinebut jomblo banjur golek panglipur liyane. Carane rumaja golek panglipur kanthi ngombe arak jawa banjur padha mendem. Pakulinan sing kagambarake ing pethikan ndhuwur ngatonake pergaulan rumaja jaman saiki sing saya mbebayani.

4.2.1.5 Judhi

Judhi kalebu pakulinan bebrayan sing biyen mula wis ana. Kagiyatan iki digandrungi wong-wong mligine wong lanang. Ora mung ing kutha nanging uga ing ndesa, kagiyatan iki wis lumrah dianakake. Senadyan wis ana paugeran saka pamarentah sing mnggak kagiyatan iki, nanging wong-wong ora preduli. Wong-wong sing seneng judhi ora kurang akal supaya ora kecekel dening pulisi. Lumrahe bandhar judhi wis nganakake kesepakatan karo oknum pulisi utawa liyane saengga bisa adoh saka pakunjaran, kabukti saka pethikan ing ngisor iki:

“Embuh lek nulis nomer buntut kaya SDSB utawa TOGEL ngono biyen kae?”

“Hus...!!! Saiki kuwi wis ora oleh. Dilarang karo ndara polisi lho.”

“Halah, lik ketiban bejan kae kok isih ngramal. Jare ya isih tombok buntutan kok.”

“Kok isa?”

“Hla ya paling guthitan karo keamanan.”

“Lek konangan sida dikunjara tenan.”

..... (Emyani, 2016: 5)

Miturut pethikan ing ndhuwur, kagambarake anane kritik marang oknum keamanan sing nutupi kagiyatan judhi. Bab kaya mangkono nuduhake yen tumindak jujur utawa blaka suta ing jaman saiki saya angel. Aparat Negara sing sejatine paring pangayoman marang bebrayan malah adoh saka bebener. Ora ngayomi nanging malah nyengkuyung kagiyatan kriminal. Senadyan ora kabeh aparatatur Negara kaya mangkono, yen ana oknum sing nyengkuyung kadurjanaan bakal paring cemer marang aparat liyane sing apik.

4.2.2 Kritik Tumrap Kahanan Budaya lan Tradhisi

4.2.2.1 Kesenian lan dolanan tradhisional

Kanyatan sosial kang ana ing jaman saiki, nuduhake yen kesenian dhaerah saya suwe saya muspra. Kesenian dhaerah minangka warisan budaya ora malah diuri-uri lan dilestarekake dening generasi nom, nanging malah ditinggalake. Warisan budaya mligine kesenian dhaerah padha diaku dening negara liya jalaran sing nduwe ora migatekake. Sawalike, wong saka njaba kayata Negara liya malah gandrung karo budaya dhaerah. Ana sing nganti sinau kesenian dhaerah lan nyengkuyung kesenian kasebut supaya tansah lestari. Kabukti saka pethikan ngisor iki,

Ing antarane pasindhen, kang dadi punjer kawigaten yaiku: bintang tamu kang asma Nini Laras Sekar Lalum, putri ayu saka Negara Kanguru kang wiwit isih Kenya setya nyinau kabudayan Jawa. Amerga mituhu marang apa dhawuhe sang gurune, Nyai Condro Rembulan saka padhepokan seni Pucuk Asri Pecukilan, wusana sedyane sindhen jangkung saka njaban iku kasembadan. Apa maneh ora mung mligi kepengin dadi wanodya kasusra, ananging thukul saka penyadharan jiwa kang hamung kepengin melu ngrukti budaya Jawa kang wis dibisikake dening Sang Rama Van

Hogs Suhadi priya saka Majasanga.....
(Emyani, 2016: 40)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen kesenian dhaerah malah digandrungi dening wong saka negri kanguru. Kacritakake salah sawijine pasindhen ana ing pagelaran wayangan kang ditanggap ing acara pernikahan. Pagelaran wayang lumrahe kerep ditanggap ana acara gedhe kayata pernikahan. Bab kang narik kawigaten ora mung dhalang lan crita kang diwedharake, nanging para sindhene uga. Sindhen kang kawentar saka swarane sing gemlonggong nalika ngiringi dhalang, bisa narik kawigatene para pamirsa. Saliyane swara, sindhen uga digandrungi jalaran paese ayu-ayu. Semono uga pethikan ing ndhuwur, nyritakake bab salah sawijine sindhen sing narik kawigaten. Bab kang narik kawigaten ora mung saka swara, lan paese sing ayu, nanging saka asale.

4.2.2.2 Pangrembakane basa Jawa ing Kalangan Mudha

Pakulinan nggunakake basa asing wiwit cilik, ndadekake bocah ora weruh karo basa dhaerahe dhewe. Kahanan bocah-bocah jaman saiki katon ngegiris, bab kasebut uga kagambarake ana cerkake St. Sri Emyani. Kagambarake ana cerkak *Pitakon*, kabukti saka pethikan ngisor iki,

..... Aku ya mbenerake panjenengan, Mas, yen bocah-bocah saiki wis ora ana sing nyandhak karo istilah-istilah utawa tembung kang kaya mangkono iku mau. Wis padha ora dhong, ya? Mula kangge melu ngrukti basa sing kaya mangkono iki ya mung karo panjenengan. Gek sapa maneh sing isih gathuk takajak sambung rasa yen ora panjenengan. Awit, ndakjlmeti, Mas Yani kang isih tetep setya nyerat basa dalah sastra Jawa. Wiwit abang nganti gerang. Ora mburu jenang utawa jeneng. Ananging, ya mung saderma melu ngipuk-ipuk lestarining basa sastra dalah budaya. Lha hiya ta?" (Emyani, 2016: 53)

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur, nuduhake sawijining paraga sing prihatin marang kahanan bocah jaman saiki. Bocah jaman saiki wis ora nguri-uri budayane dhewe mligine basa. Bisa kaya mangkono jalaran daya pangribawa jaman sing saya modern saengga mbutuhake ketrampilan basa asing kayata basa Inggris. Mula yen bocah saiki dijak gojegan nggunakake basa dhaerah, akeh sing ora ngreti. Ora ngretine jalaran wis ora weruh teges saka tetembungan sing dienggo. Kahanan kaya mangkono saya nguwatirake, jalaran walikan karo basa asing sing saya digandrungi. Jaman saiki, bocah luwih gampang nggunakake basa Inggris tinimbang basa Jawa amarga saka pakulinan.

4.2.2.3 Kahanan Papan Patilasan

Kabudayan Jawa kenthel kanthi anane adat lan tradhisi Jawa sing tansah diugemi dening masyarakat Jawa. Nanging kairing pangrembakane jaman, adat lan tradhisi sing biyene tansah digunggung saiki malah

dilirwakake. Semono uga kahanan papan patilasan sing kaanggep kramat lan kerep dienggo papan nganakake tradhisi saya mrihatinake.

Ana jaman modern, tradhisi-tradhisi saya dilirwakake jalaran masyarakat modern luwih realistis lan nengenake logika anggane menggali samubarang. Sejatine yen dipikir kanthi nggunakake logika, papan patilasan kasebut ngandhut nilai sejarah sing bisa didadekake kawruh tumrap generasi mudha. Kritik tumrap papan patilasan kabukti ana pethikan ngisor iki,

Manggon ana ing pojok Dhukuh Purung kono, mbiyen ana kuburane kuna kang ketok kebak perbawa, yaiku karan kuburan Ngagik. Ujare mbiyen mujudake sareyane Kyai Songket, cikal bakal dhukuh. Saiki digusur. Dibongkar. Minangka gantine, arep didegne hotel berbintang kanthi jeneng Mattamura dening Momoh Hitto Sakurai kontraktor saka Jepang kang saiki uga wis mati kejengkang. (Emyani, 2016: 50)

Pethikan kasebut nggambarake kritik sosial tumrap papan patilasan. Papan patilasan sing dimaksud yaiku kuburan kuna sing manggon ana ing pojok dhukuh Purung. Kuburan kuna kaaran kuburan ngagik sing mujudake sareyane Kyai Songket. Papan pasareyan kasebut ngandhut nilai sejarah sing ana sesambungane karo cikal bakal dhukuh kasebut. Nanging papan pasareyan sing sejatine nduwe nilai sejarah kang wigati wis digusur jalaran arep didegake hotel berbintang.

4.2.2.4 Kapitayan Marang Mitos

Kapitayan yaiku kaprecayan utawa keyakinan yen samubarang kang dipercaya iku bener lan nyata (KBBI, 1996:753). Bebrayan Jawa uga isih kenthel ngugemi kapitayan-kapitayan sing tansah dicakake ing urip saben dinane. Kapitayan kasebut ora bisa uwal saka panguripane wong Jawa jalaran didadekake pamawasing urip dening wong Jawa.

Mitos yaiku sawijine bab sing dipreceya dening bebrayan tanpa bisa dibuktekake bener lan orane. Senadyan ora bisa dibuktekake kanthi ilmiah ngenani bener lan orane, nanging bab kasebut tansah diugemi lan ora bakal kumawani nrajang. Kanyatan ngenani mitos ing bebrayan Jawa mligine tansah kenthel. Senadyan jaman wis gumanti jaman modern, nanging pamawasing wong-wong isih asipat tradhisional jalaran precaya marang mitos. Tuladhane kayata bab jejodhoan, pakaryan, lan tumindak uga ora bisa uwal saka mitos. Gegambaran ngenani mitos kagambarake ana ing cerkak Wang-Wung1, kabukti saka pethikan ngisor iki:

..... Dene karan Watu Gancet, miturut crita embuh iku nyata apa ngayawara nate digawe blandrek jina. Marang kelakuwane pasangan kang ora nduweni trapsila iku sing mbaureksa watu ora trima. Ora lila. Njur dipaeka nganti kelet gancet. Lelorone njur berdoni cakar-cakaran nganti tumekaning pati. Mula nganti tekan saiki watu iku karan Watu Gancet. Senajan ora

ana prasasti, anane mung tutur lesan,
nganti titi wanci iki jeneng iku lestari.
(Emyani, 2016: 1)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake ngenani sawijine mitos ing bebrayan. Kagambarake mitos ngenani dumadine sawijining papan yaiku Watu Gancet. Watu Gancet yaiku watu sing kahanane gancet lan manggon ana pinggir pesisir Pelang. Diprecaya dening bebrayan yen watu gancet iku ora asli watu sing metu saka alam. Nanging ana crita sing sumebar yen watu gancet iku sejatine manungsa. Kacritakake ana wong loro kang lagi andhon asmara nganti tumindak jina. Jalaran sing mbaureksa papan kono ora trima banjur wong loro mau dipaeka nganti kelet gancet nganti tumekane pati.

4.2.2.5 Kapitayan Marang Dhukun

Miturut Koentjaraningrat (1994:422) ngandharake yen dhukun nduweni teges kang amba. Ora mung wong kang ahli ing ngelmu petungan wae, nanging wong kang nindakake praktek pengobatan tradhisional, ngelmu ghaib, sihir lan liya-liyane. Lumrahe dhukun diprecaya bisa ngrewangi utawa ngrampungni prekara-prekara kang tuwuh ing tengahing bebrayan kanthi cara supranatural. Jinising dhukun ing bebrayan uga maneka warna kayata dhukun siwer, prewangan, susuk lan sakpiturute.

Senadyan jaman wis kalebu jaman modern, nanging ing tengahing bebrayan isih precaya marang babagan mistik. Miturut panemune sawetara bebrayan, ana pira-pira bab sing ora bisa dirampungni kanthi nggunakake teknologi modern. Tuladhane kayata lelara lan ritual tolak bala. Bab lelara lumrahe bisa muspra kanthi golek tamba menyang dhokter, nanging yen lelara ora bisa muspra senadyan wis digawa menyang dhokter, tegese ana sing ora bener. Lelara sing angel tambanane diprecaya yen lelara iku kiriman saka wong liya. Sugesti wong-wong Jawa ngenani lelara kiriman isih ana nganti seprene, bab kasebut padha karo crita sing kagambarake ana salah sawijine cerkake St. Sri Emyani. Pethikan crita kasebut kabukti ing ngisor iki,

Hem, ya emane, bareng usahane ngrebda, kesehatane Yu Paitun malah saya mudhun. Lara asma kang ngajak ragane saben minggu saba endhang rumah sakit. Nyatane, senajan wis ditangani ndara dhokter mligi ya ora mari-mari. Tansaya ndadi. Kadhung ati jibeg. Lha ya gek menyang endi maneh olehe usaha ngudi usada, yen ora merdhukun. (Emyani, 2016:52)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen dhukun isih diprecaya bisa nambani wong kang lagi lara. Kagambarake lumantar paraga wadon kanthi jeneng Yu Paitun. Dheweke lagi nandang lara asma lan wis digawa mertamba menyang rumah sakit nanging ora ana asile. Lelaran uga ora bisa suda senadyan wis digawa menyang dhokter mligi utawa spesialis, malah saya ndadi. Mula wusanane Yu Paitun budhal mertamba menyang dhukun.

Kanyatan kaya mangkono wis kerep kedadeyan ing bebrayan. Nalika wis mertamba menyang dhokter ora

ana asile, banjur pilihan sabanjure yaiku mertamba menyang dhukun. Yen pengobatan medhis ora mempan, pilihan liyane yaiku pengobatan tradhisional menyang wong pinter. Dhukun utawa wong pinter, diprecaya nglakokake ritual tolak balak lan nggoleki barang sing ilang nggunakake cara ghaib. Saliyane iku, dhukun uga diprecaya bisa ngilangake lelara sing angel tambanane.

4.2.3 Kritik Tumrap Kakuwasaan

Sejatine manungsa iku ora sampurna, jalaran sakapik-apike wong mesthi nate nglakoni tumindak ala. Suwalike, sakala-alane wong mesthi nate nglakoni apik. Saliyane bab wewatekan, ana perangan liya sing uga paring daya pangribawa tumrap tumindake manungsa, yaiku kulawarga lan lingkungan. Rong perangan kasebut nduweni daya pangribawa kang gedhe kanggo mbentuk kapribadhen bocah. Yen bocah tuwuh lan ngrembaka ana lingkungan kang kurang apik, mbesuk nalika gedhe bocah iku bisa nduweni kapribadhen kang ora beda karo lingkungan. Jaman sing saya ngrembaka ndadekake wong-wong uga padha owah ing tumindak lan pamikire. Ana ing jaman modern iki, wong-wong padha ngatonake individualitas tinimbang sosialisasi. Mula ing kene bakal karembug ngenani ilange rasa welas asih wong jaman saiki sing kagambarake ana salah sawijine cerkake St. Sri Emyani. Kabukti saka pethikan ing ngisor iki,

Karo pakdhene Kuncung Beruk, Padhas Dhempal ora diwenehi remisi ampunan babar blas. Kamangka, minangka satriya sing setya tuhu nonton pagelaran wayang kulit-tokoh Jagal Bilawa sing dadi idolane- Padhas Dhempal kanthi satriya wis ngakoni luput. Uga nyembah kaping telu neng padane juragane ya pakdhene Kuncung Beruk, sing kejaba nduwe bego siji, uga dadi boss iwak asin. Kanthi laku lan patrap arogan, tetep mecat tanpa pakurmatan. (Emyani, 2016: 12-13)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake tumindak sawiyah-wiyah lan ora nduwe welas asih sing katindakake dening juragan marang andhahane.

Padhas Dhempal nyambut gawe dadi supir bego duweke pakdhene Kuncung Beruk. Saliyane dadi bos bego, Pakdhene Kuncung Beruk sing ora liya juragane Padhas Dhempal uga dadi bos iwak asin. Nanging durung suwe nyambut gawe dadi supir bego, Padhas Dhempal nemu prekara. Prekarane yaiku dheweke nugelake supiran bego nganti tugel thel lan ora bisa digunakake. Kamangka bego sing digunakake dening Padhas Dhempal isih kridhitan lan lagi sakminggu kajupuk saka dhealer. Mula prekara kasebut dadi prekara kang gedhe saengga Padhas Dhempal dipecat tanpa pakurmatan dening juragane.

4.2.4 Kritik Tumrap Kahanan Jaman lan Teknologi

Pangrembakane jaman saben taun ngalami owah-owahan. Wiwit jaman kuna nganti jaman modern utawa globalisasi. Kabeh owah-owahan sing dumadi ora liya jalaran upaya manungsa sing pengin maju. Tuwuhe kabutuhan –kabutuhan sing maneka warna lan kepengin urip mulya ndadekake manungsa nganakake sakehe eksperimen. Kanthi eksperimen bola-bali wusanane tuwuh maneka teori sing bisa nyengkuyung bab kawruhan sing

migunani tumrap generasi sabanjure. Teori sing disinaoni digunakake dhasar anggone ngripta piranti-piranti canggih sing samengko bisa nggampangake prenggaweyane manungsa.

Jaman globalisasi kena ditengeri lumantar piranti-piranti canggih kayata srana komunikasi, informasi lan transportasi. Piranti kasebut kabukti bisa nggampangake kagiyatane manungsa ing saben dinane. Nanging globalisasi pranyata bisa mrabawani patrape manungsa. Sithik mbaka sithik daya pangribawane globalisasi bisa ngowahi patraping masyarakat ing panguripane. Owah-owahan kasebut bisa katitik saka carane ngaurip, transportasi, komunikasi, busana, jinis panganan, nilai-nilai, lan tradhisi.

4.2.4.5 Jaman Modern

Kahanan ing jaman modern katon luwih maju lan canggih tinimbang jaman sadurunge. Senadyan paring paedah kang akeh tumrape masyarakat, nanging jaman modern bisa paring daya pangribawa sing kurang apik tumrape generasi mudha. Kanthi anane teknologi sing sarwa canggih ndadekake kabeh wong gampang ngupadi warta ing internet. Awit saka gampang ngupadi informasi lumantar internet, wong-wong dadi gumantung karo medhia sosial. Nganti kekancan uga lewat medhia sosial sing dirasa luwih gampang lan praktis.

Saliyane gumantung karo teknologi ing urip padinan, nom-noman ing jaman modern luwih bebas anggone kekancan. Malah ana sing migunakake narkoba jalaran nuruti trend. Kabukti saka pethikan ing ngisor iki,

Lek ora ngono ya padha nguntali pil koplo doble L. Obat arupa pil kang mesthine kangge nyuntik kirik gendheng dhimen ora galak kuwi njur padha diemploki. Embuh gek olehe ngupadi saka ngendi? Ketoke wis enek jaringan sinandhi sing bisa nyimpen primpen. (Emyani, 2016:11)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake patraping generasi mudha sing migunakake narkoba. Wayah rumaja kalebu wayah nom-noman nduwe rasa pengin weruh kang gedhe saengga kepengin nyoba samubarang. Kamangka samubarang sing ana ing jaman modern iki ana sing becik lan ala. Nanging jenenge nom-noman isih katut karo kanca-kancane. Yen wong tuwa ora njaga kanthi tumemen bisa mbabayani. Kabukti saka pethikan ing ndhuwur, rumaja padha nggunakake pil koplo. Kamangka sejatine pil kasebut digunakake kanggo nyuntik kewan sona supaya ora bengis. Anggone kekancan kanthi ngombe pil koplo kalebu bab sing mbabayani mligine tumrap wong sing nggunakake. Bab kang ora sakmesthine diombe banjur diombe saya suwe bakal mitunani.

4.2.4.6 Daya Pangribawane Teknologi

Pangrembakane jaman sing saya maju, nuwuhake owah-owahan ing tengahing masyarakat. Owah-owahan kasebut kabukti saka anane piranti teknologi sing sarwa canggih. Piranti kasebut diciptakake dening manungsa kanggo nggampangake pakaryan ing urip padinan. Lumantar piranti teknologi, samubarang kang katindakake dening manungsa luwih krasa entheng lan rikat. Manungsa ora prelu mergawe sara lan mbuwang wektu akeh kanggo

nglakokake pakaryan. Miturut Ahmadi (1997:338) Teknologi maju bisa nuwuhake cara ngaurip kang nyenengake lan sarwa larang. Saengga saliyané bisa ngenthengake kagiyatane masyarakat, pranyata pangrembakan teknologi bisa nuwuhake owah-owahan tumrape masyarakat. Wiwitane masyarakat sing bisa urip kanthi prasaja, banjur dadi owah nggunakake barang kang sarwa larang.

Yen ditamatake ana ing kanyatan masyarakat jaman modern, piranti teknologi nduwe paedah kang gedhe kanggo nyengkuyung kabeh kagiyatane masyarakat. Nanging sakehe paedah bisa dirasakake dening masyarakat bisa nuwuhake memala. Mula banjur tuwuh kritik ngenani pangrembakane teknologi ing jaman modern sing kaandharake awujud karya sastra. Gegambaran ngenani kritik bab teknologi ana ing sawetara cerkake St. Sri Emyani. Salah sawijine yaiku ana ing cerkake kanthi irah-irahan Pepenget, kabukti saka pethikan ing ngisor iki,

Kanthi ngrembakane tehnologi dalah informasi, jejaring-jejaring sosial ngrembuyung ledhung-ledhung. Anehe, kang kayungyun ora mung para mudha. Wiwit bocah nganti simbah-simbah uga anjrah, akeh sing kedanan jejaring sosial. Mula ya ora nggumunake eneh yen juragan kang nggawe jejaring iku wulu wetune ya jelas mangkring, mung kari angkring-angkring, wis isa ciblon rejeki. Ananging, hla piye wong ya kreatif. (Emyani, 2016: 30)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake anane kritik ngenani pangrembakane teknologi. Pangrembakane teknologi dalah informasi ing jaman modern katon sarwa maju. Kemajuane piranti teknologi ndadekake sakabehe masyarakat ora bisa uwal saka piranti kasebut. Ora mung para mudha sing kayungyun piranti teknologi canggih nanging semono uga karo wong tuwa nganti simbah ora kari. Kabeh padha kayungyun karo piranti kasebut jalaran akeh paedah salah sawijine bisa paring lelipur tumrape masyarakat.

4.3 Gayutane Kritik Sosial Sajrone Antologi Cerkak *Sinawang Suwung* Klawan Kanyatan.

Kritik sosial sajrone antologi cerkak SS minangka kaca bengala panguripan masyarakat. Dadi apa sing kasuguhake lumantar cerkak ngandhut kanyatan sosial sing ana ing tengahing masyarakat. Ora kabeh prekara katulis padha karo kanyatan jalaran kaimbuhan daya imajinasi pangripta. Gayutane kritik sosial sajrone antologi cerkak SS klawan kanyatan bisa kabuktekake lumantar pethikan warta sing kapacak ing koran, majalah lan internet.

4.3.1 Tumindak Apus- Apus

Surabaya, Kejaksaan Negeri (Kejari) Surabaya menemukan indikasi pemalsuan dokumen tanah Waduk Sepat, Wiyung. Kepala Kejari Surabaya Didik Farkhan Alisyahdi menjelaskan pihaknya menemukan beberapa kejanggalan dalam proses sengketa dengan pihak warga. Salah satunya, ada

dokumen yang menyatakan bahwa seluruh waduk adalah milik warga. "Padahal pemkot juga memiliki bukti kepemilikan separo dari keseluruhan luas lahan," kata jaksa asal Bojonegoro itu. (Jawa Pos, Rabu, 7 Juni 2017, Hal. 22)

Terjemahan:

Surabaya, Kejaksaan Negeri (Kejari) Surabaya nemokake anane dhokumen tanah waduk sepat Wiyung sing palsu. Kepala Kejari Surabaya Didik Farkhan Alisyahdi mbabarake yen dheweke nemokake sawetara bab sing aneh sajrone proses sengketa karo pihak warga. Salah sawijine yaiku ana dhokumen sing nuduhake yen kabeh wadhuk duweke warga. "Kamangka pemkot uga nduweni bukti yen nduwe separo lahan saka ambane wadhuk, ujure jaksa saka Bojonegoro.

Pethikan ing ndhuwur nuduhake sawijine prekara sosial sing kaemot ana Koran Jawa Pos. Prekara sosial kasebut ngenani tumindak apus-apus kanthi cara nggawe dhokumen palsu. Dhokumen palsu sing dimaksud yaiku ngenani sengketa tanah wadhuk Sepat Wiyung. Ana oknum masyarakat sing nggawe dhokumen palsu bab sengketa tanah wadhuk sing nuduhake yen kabeh tanah wadhuk duweke warga. Kamangka sejatine separo saka tanah wadhuk kasebut uga duweke pemkot. Dhokumen palsu sing ditemokake kalebu tumindak apus-apus sing ana sesambungane karo kepentingan pribadhi. Prekara sengketa tanah wadhuk Sepat Wiyung nggambarake tumindak apus-apus sing dumadi ana ing tengahing masyarakat.

4.3.2 Pilara Marang Anak lan Sisihan

Jakarta, Tersangka kasus persekusi, Abdul Majid (22), mengaku memukul M, lantaran kesal dengan tulisan yang diunggah remaja berusia 15 tahun tersebut dalam akun Facebook pribadinya. Menurut Abdul unggahan M adalah bentuk penghinaan terhadap ulama. "Saya kesal sama dia. Dia kenapa ganggu agama kita?" ujar Abdul di Mapolda Metro Jaya, Pria yang mengaku sebagai anggota Front Pembela Islam (FPI) itu mengaku spontan memukul M. Abdul mengaku kesal lantaran M menghina pimpinan ormasnya. Selain itu dia juga tidak tahu bahwa M masih dibawah umur. (Jawa pos, Jumat 2 Juni 2017 Hal. 21)

Terjemahan:

Jakarta, Tersangka kasus persekusi, Abdul Majid (22), ngakoni wis nganiaya M, jalaran mangkel karo

tulisan sing diunggah nom-noman umur 15 taun kasebut sajrone akun Facebooke. Miturut Abdul unggahane M mujudake pangina marang ulama. "aku mangkel karo dheweke. Kena ngapa dheweke ngganggu agama kita?" ujure Abdul ing Mapolda Metro Jaya. Wong lanang sing ngaku minangka anggota FPI ngakoni yen spontan nganiaya M. Abdul ngaku yen dheweke mangkel jalaran M wis ngina pimpinan ormas. Saliyane iku, dheweke uga ora ngerti yen M isih durung cukup umur.

Pilara marang anak kalebu warta kang narik kawigaten. Saya suwe, kedadeyan kasebut kerep dumadi ana ing masyarakat. Akeh bocah-bocah sing dadi kurban lan ngalami trauma utawa keweden. Trauma utawa rasa keweden sing kaalami dening kurban sawise kedadeyan kasebut bisa paring daya pangribawa tumrape urip saben dinane. Kanggo mbalekake kahanan kurban kaya sadurunge mbutuhake wektu sing ora sedhela. Pilara marang anak sing saya suwe saya nggegirsi ndadekake pangripta paring kritik lumantar karya sastra. Kayadene cerkake St. Sri Emyani sing ngandhut kritik bab pilara marang anak. Cita kasebut ora mung asil saka imajinasi pangripta nanging tuwuh saka kenyataan ing tengahing masyarakat.

4.3.3 Tumindak Asusila

Jakarta, DI alias Denny (41) diringkus polisi lantaran menyetubuhi anaknya, DAE (17) dan keponakannya DAL (10). Dia mencabuli anaknya sejak berusia dua tahun dan keponakannya sejak berusia tujuh tahun. Kepada polisi, Denny mengaku pernah menjadi korban pencabulan yang dilakukan temannya. Atas dasar itu dia tega menyetubuhi anak dan keponakannya sendiri. "Saya pernah disodomi teman saya saat usia tujuh tahun," ujar Denny, di Mapolda Metro Jaya, Rabu (24/5/17). Denny mengaku menjadi korban asusila oleh teman sekampungnya di Sumatera. Sejak saat itu dia mulai menyukai anak dibawah umur. (Jawa Pos, Rabu 24 Mei 2017, Hal.21)

Terjemahan:

Jakarta, Kompas.com DI utawa Denny (41) kacekel pulisi jalaran ngrudha peksa anake DAE (17) lan ponakane DAL (10). Dheweke ngrudha peksa anake wiwit anake umur 2 taun lan ponakane nalika umur 7 taun. Deny ngaku nate dadi kurban asusila nalika cilikane sing kalakokake dening kancane. Dheweke uga ngaku wiwit kedadeyan iku, dheweke seneng bocah cilik.

Adhedhasar iku dheweke tega ngrudha peksa anak lan ponakane dhewe.

Pethikan warta ing ndhuwur nuduhake kasus pangrudha peksa lan tumindak asusila. Pawongan sing nglakokake tumindak durjana ora liya wong kang cedhak karo kurban yaiku bapane. Saliyane ngalakokake tumindak asusila marang anake, ponakane uga dadi kurban. Kedadeyan kasebut mrihatinake, jalaran Bapak tega marang anak lan ponakane dhewe. Tumindak sing kaya mangkono ora pantes kalakokake dening wong kang nandhang status Bapak. Jalaran kudune Bapak minangka wong kang ngayomi anak-anake ora malah ngrusak anak-anake..

4.3.4 Mendem

Unit Tipiring Satsabhara Polrestabes Surabaya bersama satpol PP kembali merazia sejumlah tempat hiburan malam kemarin dini hari (8/10). Petugas menasar tiga lokasi di area Surabaya Utara dan Surabaya Barat. Mereka menyita 82 botol miras golongan A dan C. Tidak hanya itu, petugas juga mendapati anak-anak dibawah umur yang sedang mabuk di sebuah pub di kawasan Jalan Telaga Utama. Ternyata pub tersebut tidak memiliki surat izin penjualan miras. Petugas pun langsung menyita seluruh sisa stok miras di gudang. Selain di Telaga Utama, petugas mengangkut empat miras golongan A dari sebuah kafe di kawasan Kenjeran. Kanit Tipiring Polrestabes Surabaya Ipda Satriyono menyatakan, seluruh barang sitaan diamankan di Mapolrestabes Surabaya. Rencananya, miras itu akan dimusnahkan dalam waktu dekat. Dia menjelaskan, razia bersama antara satpol PP dan Satsabhara Polrestabes Surabaya akan terus dilakukan setiap malam untuk menindak pemilik usaha yang nakal dan tidak patuh pada peraturan. (Jawa Pos, Senin 9 Oktober 2017 Hal. 24)

Terjemahan:

Unit Tipiring Satsabhara Polrestabes Surabaya bareng karo satpol PP nglakokake razia ing sawetara papan lelipur wingi wayah esuk. Petugas ngrazia telung papan panggonan ing wewengkon Surabaya lor lan kulon. Asile petugas bisa nyita 82 botol banyu landa golongan A lan C. Ora mung iku, petugas uga weruh ana bocah-bocah sing padha mendem ana sawijining pub ing Jln. Telaga Utama. Pub kasebut ora nduwe layang idi kanggo ngedol banyu landa. Petugas banjur nyita kabeh sisane

stok banyu landa ing gudhang. Saliyane ing Telaga Utama, petugas uga nyita papat banyu landa golongan A saka sawijining kafe ing wewengkon Kenjeran. Kanit Tipiring Polrestabes Surabaya Ipda Satriyono mbabarake yen sakabehe barang bukti bakal gawa menyang Mapolrestabes Surabaya. Rencanane, ora suwe maneh banyu landa kasebut bakal dimusnahake. Dheweke ngandharake yen razia bareng antarane satpol PP lan Satsabhara Polrestabes Surabaya bakal dianakake saben wengi kanggo nyekel para oknum nakal sing nduwe usaha papan panglipur lan sing nerak paugeran.

Gegambarane pakulinan masyarakat kagambarake ana pethikan ing ndhuwur. Salah sawijine pakulinan sing kagambarake yaiku pakulinan mendem. Mendem kalebu pakulinan ala sing kerep dumadi ing tengahing masyarakat. Pakulinan kasebut uga kerep mbabayani warga masyarakat jalaran wong sing mendem tanpa sadhar bisa nyilakakake liyan. Mula pulisi nganakake razia banyu landa kanggo ngurangi kedadeyan kasebut. Pethikan ing ndhuwur nuduhake anane razia sing kalakokake dening pulisi lan satpol PP. Razia kasebut tumuju ana sawetara papan panglipur sing lumrahe bukak ing wayah wengi nganti esuk. Asil saka razia ing telung papan panggonan panglipur, pulisi nyita 82 botol banyu landa. Pranyata saliyane nyita banyu landa, pulisi lan satpol PP uga weruh ana bocah-bocah sing padha mendem ing sawijining pub.

4.3.5 Judhi

Sidoarjo, Praktik judhi sabung ayam belum menghilang dari kota Delta. Terbaru, polisi menggrebek lokasi sabung ayam di desa Kedungsolo, Porong. Meski tidak berhasil menangkap para pejudi petugas menyita sejumlah barang bukti. Yakni 4 motor, 3 ayam petarung dan 4 kurungan. Kapolsek Porong Kopol Hery Mulyanto menjelaskan tempat yang dijadikan arena sabung ayam memang cukup strategis. Banyaknya akses jalan memudahkan pejudi kabur ketika ada penggrebakan. (Jawa Pos, Senin 17 Juli 2017)

Terjemahan:

Sidoarjo, Praktik judhi adon pitik durung bisa ilang saka kutha Delta. Pulisi kasil nggrebek papan adon pitik ing Desa Kedungsolo Porong. Senadyan ora kasil nyekel pawongan sing judhi, petugas bisa ngolehake barang bukti. Yaiku 4 bronfit, 3 pitik lan 4 kurungan.

Kapolsek Porong Kompol Hery Mulyanto mbabarake yen papan panggonan sing didadekake papan adon pitik pancen cukup strategis. Saking akehe dalam tumuju papan iki ndadekake para tukang judhi gampang mlayu nalika digrebek.

Adhedhasar pethikan warta ing ndhuwur nggambarake ngenani praktik judhi sing kasil digrebek dening pulisi. Jinising judhi sing dianakake yaiku judhi sabung ayam. Senadyan pulisi ora kasil nyekel para tukang judhi nanging ana sawetara barang bukti sing ditemokake. Barang bukti sing kasil diklumpukake yaiku 4 bronfit, 3 pitik lan 4 kurungan. Pawadan pulisi ora kasil nyekel wong-wong sing judhi jalaran pawongan-pawongan kasebut wis mlayu sadurunge pulisi teka. Papan panggonan sing dienggo judhi kalebu papan sing strategis jalaran bisa diakses kanthi pira-pira dalam saengga pawongan kasebut bisa gampang mlayu nggendring.

4.3.6 Kesenian lan Dolanan Tradhisional

Bambang Irawan ngandhakake, dolanan bocah tradhisional sejatine ngemu nilai-nilai luhur budaya Jawa. Nanging emane, sistem pendhidhikan saiki katon kurang utawa ora bisa nggugah minat lan bakate para siswa sacara maksimal. Kamangka bakat kuwi kaanggep penting banget jroning mangsa tuwuh kembang bocah. Dolanan bocah tradhisional sing wiwit cures, jan-jane bisa aweh akomodasi marang bakat-bakate bocah. Saliyane kuwi, lumantar dolanan, bocah-bocah bisa didhidhik ngenani nilai-nilai budaya Jawa sing dadi warisane leluhur kita. Dolanan bocah khas masyarakat Jawa, saiki wis wiwit katerak jaman. Alon-alon nanging cetha, tumuju marang kacuresan. Sebabe antara liya arus budaya global sing mlebu tanpa saringan lan wates maneh. Umpama kahanan iki ditogake wae, bisa suwening suwe generasi nom saiki wis malih wujud dadi generasi sing ora nduwe tata krama miturut ajaran leluhur Jawa. (Jaya Baya No. 09 Minggu V Oktober 2016 kaca 44)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake ngenani kahanan dolanan tradhisional sing saya cures. Kahanan kaya mangkono disebabake pangrembakan teknologi sing sarwa canggih saengga ndadekake bocah-bocah gandrung karo piranti teknologi. Wusanane dolanan tradhisional saya suwe ditinggalake jalaran piranti teknologi katon luwih narik kawigaten lan modern. Saliyane disebabake

pangrembakan teknologi, sistem pendhidhikan ing sekolah uga ora bisa nyengkuyung kalestarene dolanan tradhisional. Pendhidhikan ing sekolah wis ngulinakake bocah-bocah nggunakake piranti teknologi kanggo nyengkuyung proses piwulang saengga ndadekake bocah-bocah saya kulina karo donyane teknologi.

Sejatine dolanan tradhisional bisa paring paedah kang gedhe tumrape bocah-bocah. Lumantar dolanan tradhisional, kreativitas bocah bisa ngrembaka lan bisa ngretni anane nilai-nilai luhur sajrone dolanan kasebut. Ora mung bisa nikelake daya kreativitas bocah nanging uga bisa nggulawenthah ngenani tata krama lan urip ing bebrayan sosial. Dolanan tradhisional diciptakake dening para leluhur kanthi ancas supaya bisa nuwuhake mental lan fisik kanthi mutu kang apik. Bab kang wigati bisa slaras karo kabudayane masyarakat Jawa.

PANUTUP

5.1 DUDUTAN

Panliten iki nliiti antologi cerkak anggitane St. Sri Emyani kanthi irah-irahan *Sinawang Suwung*. Tintingan sing digunakake yaiku sosiologi sastra kanthi tema kritik sosial. Antologi cerkak SS ngandhut bab kritik sosial sing ana gandheng cenenge karo kanyatan ing masyarakat. Kritik sosial sing ana sajrone antologi cerkak kasebut ngrembug ngenani kadurjanan, kahanan budaya lan tradhisi, *kakuwasaaan*, kahanan jaman lan teknologi.

Kritik tumrap kadurjanan kaperang dadi lima yaiku tumindak apus-apus, pilara marang anak lan sisihan, tumindak asusila, mendem, lan judhi. Banjur kritik tumrap kahanan budaya lan tradhisi kaperang dadi lima yaiku kesenian lan dolanan tradhisional, pangrembakan budaya Jawa, kahanan papan petilasan, kapitayan marang mitos lan dhukun. Kritik tumrap kahanan jaman lan teknologi ngrembug ngenani kahanan jaman modern lan daya pangribawane teknologi. Saliyane iku, yen digayutake klawan kanyatan ing masyarakat bisa kabuktekake lumantar pawarta sing kapacak ana koran, kalawarti, lan pawarta ing internet.

Pernyata wujud kritik sosial sajrone antologi cerkak SS minangka kaca benggala uripe masyarakat ing kanyatan. Prekara-prekara sosial sing ana ing masyarakat ana sesambungane karo tuwuhe karya sastra. Jalaran karya sastra sing kaasilake mujudake kritik tumrap prekara-prekara sosial sing ndadekake masyarakat ora tentrem. Gegambaran kritik sosial sajrone antologi cerkak SS tuwuh saka prekara-prekara sosial sing dumadi ing satengahing bebrayan. Lumantar panliten iki dikarepake bisa paring paedah tumrap masyarakat saengga bisa njupuk bab kawruh lan pengalaman sing migunani sajrone panguripan. Saliyane iku dikarepake bisa nuwuhake rasa sadhar tumrape masyarakat saengga bisa ngedohi prekara-prekara sing ngrugekake liyan.

5.1 Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten kanthi perangan-perangan sing durung kaudhar kanthi sampurna. Tintingan sosiologi sastra digunakake kanggo mbabarake wujud lan gegambaran kritik sosial klawan kanyatan ing masyarakat. Panliten ngenani kritik sosial isih prelu katindakake lan kawedharake kanthi luwih jembar jalaran bisa ditintangi

nggunakake tintingan liya kayata psikologi sastra lan liya-liyane.

Carita sajrone antologi cerkak SS bisa paring kawruh lan cara mikir kang luwih jembar saengga masyarakat bisa njupuk bab kang apik sing bisa dicakake ing urip padinan. Anane panliten ngenani kritik sosial, dikarepake bisa nuwuhake kawigatene pamaca tumrap karya sastra. Lumantar karya sastra, pamaca bisa sinau babagan prekara-prekara sosial sing dumadi lan bisa nuwuhake sikap kritis tumrap samubarang kedadeyan ing urip padinan.

KAPUSTAKAN

- Ahmadi, Abu. 1997. *Ilmu Sosial Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Aminuddin. 1986. *Stilistika: Pengantar Memahami Sastra dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- _____. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Penerbit Sinar Baru Algensindo.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Atmazaki. 1990. *Ilmu Sastra Teori dan Terapan*. Padang: Angkasa.
- Darni. (2011). *Kekerasan terhadap perempuan dalam fiksi Jawa modern: kajian new historicism: laporan hasil pelaksanaan penelitian disertasi doktor tahun anggaran 2011*. Program Pascasarjana, Universitas Negeri Surabaya.
- Damono, Sapardi Djoko. 1984. *Sosiologi Sastra (Sebuah Pengantar Ringkas)*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Faruk. 2013. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Fitriana, Catur. 2017. *Kritik Sosial sajrone Antologi Geguritan Sanja Anggitane Nono Warnono Tintingan Sosiologi Sastra*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: Unesa
- Hadiwardoyo, AI Purwa. 1990. *Moral dan Masalahnya*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius
- Hasjir, Anidal dkk. 1984. *Kamus Istilah Sosiologi*. Jakarta Timur: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- _____. 1993. *Merambah Matahari: Sastra Dlam Bandingan*. Surabaya: Gaya Masa.
- Kartono, Kartini. 2001. *Patologi Sosial*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2012. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B. Wolters Groninge
- Santi, Herlina D. P. 2016. *Kritik Sosial sajrone Novel Ing Satengahing Alas Brongkos Anggitane Tiwiek SA Tintingan Sosiologi Sastra*. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: Unesa.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2008. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Soekanto, Soerjono. 2012. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Sulaeman, M. Munadar. 1998. *Ilmu Budaya Besar Suatu Pengantar*. Bandung: Fefika Aditama